



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LEJISLASYON KI ENTÈDI RETIRE GRIF CHAT

**Gouvènè Cuomo: "Nan entèdi pratik akayik sa a, n ap garanti zannimo yo pa sibi entèvansyon mechan ak inital sa yo ankò".**

***New York vin premye eta nan nasyon an ki entèdi retire grif chat***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon lejislasyon (S.5532B/A.1303) ki entèdi fè entèvansyon retire grif sou chat, sa ki fè New York premye eta ki entèdi pratik la. Pwojè lwa a ap antre an vigè touswit.

"Retire grif se yon entèvansyon mechan ki fè mal ki kapab kreye pwoblèm fizik ak konpòtman pou zannimo ki pa kapab defann tèt yo, epi sa sispann jodi a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan entèdi pratik akayik sa a, n ap garanti zannimo yo pa sibi entèvansyon mechan ak inital sa yo ankò."

**Vis-Lidè Sena a Michael Gianaris te deklare,** "Retire grif chat se yon entèvansyon brital menm jan ak koupe dwèt moun nan premye je dwèt la epi li gen konsekans ki dire tout lavi chat yo. Mwen fyè aksan nouvo majorite Sena a mete sou byennèt zannimo epi mwen kontan Gouvènè a pwomilge lejislasyon sa a".

**Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare,** "Jodi a, New York vin premye eta nan nasyon an ki entèdi retire grif chat. Retire grif se mechanste, tou senpleman, epi avèk tout lòt opsyon bon mache ak san doulè ki disponib yo, pa gen ankenn rezon pou kite pratik sovaj sa a kontinye, pa isit la nan New York ni ankenn lòt kote. Se yon trè bèl jou pou chat yo nan eta a ak pou moun ki renmen yo. Kounye a kòm pwojè lwa mwen an vin lwa, New York vin monte nan klasman eta san kriyote yo, epi nou panse gen lòt eta ki pral rapidman suiv egzanp nou".

Retire grif yo gen ladan retire tout oswa pifò nan dènnye zo a nan chak zòtèy pat devan an, epi yo koupe tandon, nè ak ligaman ki pèmèt fonksyònman nòmal pat la, sa ki bay gwo doulè kwonik ak lòt pwoblèm medikal oswa konpòtman grav. Lè yo fin retire grif yo, chat yo souvan chanje jan yo mache ak kote yo mete pifò pwa yo, sa ki lakòz fatig sou jwenti pat yo ak chenn do yo, sa ki kapab ba yo atrit bonè ak maldo ak doulè nan jwenti ki dire lontan. Grif chat yo jwe yon wòl enpòtan nan diferan aspè nan lavi yo, sa gen ladan ede yo grenpe ak kenbe ekilib yo epi chape danje.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU